

SASA!

Enfòmasyon nou dwe konnen

konesans ou
nan zafè
vyolans

sou fanm ak VIH/SIDA,
epi sou jan youn
makonnen ak lòt

Yon bon travay aktivis efikas kòmanse ak konesans.

Dokiman sa a gen enfòmasyon ak estatistik sou
vyolans sou fanm ak VIH/SIDA, epit sou jan yo
makonnen youn ak lòt. Konesans sa yo ap pèmèt ou:

- Santi ou gen plis kapasite pou planifye ak fasilité pwosesis SASA!
- Gen kapasite pou byen pale sou pwoblèm sa yo ak lòt aktivis parèy ou.
- Gen plis kapasite pou reponn késyon lòt moun va poze ou.

Dokiman “Enfòmasyon nou dwe konnen” gen repons pou késyon ki pi ba yo:

Késyon pou nou reponn

Kisa vyalans sou fanm ye?.....	2
Èske vyalans sou fanm se bagay ki rive souvan?.....	3
Èske gason sibi vyalans anba men fanm?.....	3
Ki diferan kalite vyalans yo konn fè sou fanm?.....	3
Kisa vyalans fizik ye?.....	4
Kisa vyalans seksyèl ye?.....	4
Èske kadejak ak fòse fanm ak tifi fè bagay anba presyon konn rive souvan?.....	5
Poukisa souvan yo pa wè kote mari fè kadejak sou madanm?.....	6
Èske se nan sitiyasyon lagè oswa gwo konfli sèlman enkoni konn fè kadejak sou fanm?.....	6
Kisa vyalans emosyonèl ye?.....	7
Kisa vyalans ekonomik ye?.....	7
Poukisa gen vyalans ki fèt sou fanm?.....	8
Ki rapò ki genyen ant wòl moun, jan sosyete a wè yo, ak vyolans sou fanm?.....	9
Kisa VIH/SIDA ye?.....	10
Kijan yon moun ka bay yon lòt moun VIH/SIDA?.....	10
Poukisa fanm pi an danje pou yo pran enfeksyon VIH/SIDA pase gason yo, poutèt jan kò yo fèt?.....	11
Poukisa fanm yo pi ekspoze nan sosyete a pou yo pran enfeksyon VIH/SIDA pase gason?.....	12
Èske Abstinans-Fidelite-Kapòt la efikas pou fanm yo?.....	15
Kijan VIH/SIDA ka mennen plis vyalans sou fanm?.....	15

Kisa vyolans sou fanm ye?

Vyolans sou fanm se:

“Tout menas, oubyen tout zak (fizik, seksyèl, emosyonèl, ekonomik) ki fèt sou fi, epi ki fè mal, e ki ka menm koze lamò, ki la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun.”¹

Si nou pran san nou pou nou byen gade definisyon sa a, n ap ka konprann pi byen sa yo rele vyolans sou fanm.

Definisyon	Esplikasyon
<i>Tout menas, oubyen tout zak (fizik, seksyèl, emosyonèl, ekonomik)</i>	Premye pati sa a nan definisyon an fè referans ak divès jan yo ka fè vyolans sou fanm ak tifi. Genyen 4 gwo kalite vyolans pou nou konsidere nan travay prevansyon nou an: vyolans fizik, vyolans seksyèl, vyolans emosyonèl ak vyolans ekonomik (pou plis enfòmasyon, gade nan paj 4-8)
<i>ki fèt sou fi,</i>	2zyèm pati sa a idantife fanm ak tifi kòm premye kategori moun ki sibi 4 diferan kalite vyolans n ap pale yo.
<i>epi ki fè mal, e ki ka menm koze lamò,</i>	3zyèm pati definisyon an esplike sa ki rive fanm ak tifi ki sibi vyolans. Zak vyolans yo souvan pote soufrans fizik ak emosyonèl, santiman lawont, jennen, oswa yo fè moun santi yo koupab, epit yo pase dwa fondamantal moun anba pye.
<i>ki la pou kenbe fanm ak tifi anba pouvwa avèk kontwòl lòt moun.</i>	Finalman, 4triyèm pati definisyon an chita sou dezekilib pouvwa ki genyen ant fanm ak gason, ki lakòz tout kalite vyolans sou fanm, e vyolans sa yo se yon tantativ pou kenbe fanm anba kontwòl.

Èske vyolans sou fanm se bagay ki rive souvan?

Sou chak 3 fam gen youn k ap gen pou li sibi vyolans nan lavi li.²

Nan yon ankèt yo te fè ann Ayiti anvan tranblemantè 2010 la, yo te jwenn preske youn sou chak 3 fam Ayisyen (30 pouzan) te sibi vyolans anndan kay, oswa vyolans seksyèl, oswa lòt fòm vyolans sou fanm ak tiñ.³

Pi fò moun dakò ak pawòl ki di vyolans sou fanm te ogmante anpil apre tranblemantè a, e sa vin kreye pi gwo pwoblèm toujou.⁴

Vyolans sou fanm se pa yon bagay yo kapab konsidere tankou zak kèk gress moun ap fè tanzantan. Vyolans sou fanm se bagay k ap fèt tout kote e gason souvan sèvi avè l pou montre yo gen pouvwa sou fanm yo nan kay la, nan fanmi an, nan kominate a e nan peyi a. Se yon gwo pwoblèm dwa moun ki egziste nan tout nasyon, nan tout ras, nan tout kilti, nan tout reliyon, nan tout laj e nan tout nivo sosyal. Kòm konsekans li pote brimad, blese fizik ak lanmò pou fanm yo. Se yon pwoblèm santeiblik ki grav e ki mande yon solisyon rapid.

Vyolans sou fanm antre nan gwo sistèm inegalite ki egziste a, kote gason gen plis valè pase fanm. Inegalite oswa dezekilib nan pouvwa ant fanm ak gason lakòz vyolans kontinye ap fèt sou fanm.

Èske gason sibi vyolans anba men fanm?

Gason sibi vyolans anba men fanm tou, men kantite a pi ba lontan pase fanm yo. Rechèch ki te fèt montre genyen ant 13 a 61 pouzan fanm ki sibi vyolans fizik anba men moun yo ansanm avè l la, alòske gen 3 a 4 pouzan gason sèlman ki di fanm yo fè abi fizik sou yo kote se fanm nan ki te fonse sou yo avan.⁵ Sonje sa, ou menm ki aktivis SASA!, ou pral konsandre sou li, se fè moun konprann vyolans sou fanm se konsekans inegalite pouvwa ant fanm ak gason.

Ki diferan kalite vyolans yo konn fè sou fanm?

Vyolans sou fanm se yon espresyon ki laj, konsa, li itil kèkfwa pou ou mete kategori ladann. Genyen kat kalite vyolans: **fizik, seksyèl, emosyonèl** ak **ekonomik**. Dokiman Enfòmasyon Nou Dwe Konnen an bay esplikasyon chak kalite vyolans yo, ansanm ak estatistik ou kapab itilize lè w ap fè dikisyon yo oswa aktivite ou yo. Toujou met nan tèt ou, menm lè estatistik sa yo bay yon bon lide sou vyolans nan anpil sosyete, li pwobab chif yo pi wo poutèt gen anpil moun ki pa deside rakonte oswa diskite sou abi yo te sibi yo.

Kisa vyolans fizik ye?

Vyolans fizik se nenpòt zak ki fè dega nan kò yon tifi oswa yon fanm. Zak sa yo se kapab maspinay, souflèt, kout pwen, kout pye, boule, atake ak yon zam oswa touye yon tifi oswa yon fanm. Kalite vyolans sa a se li moun plis kapab wè e se li ki plis parèt. Lè moun ap diskite de vyolans sou fanm se ak kalite vyolans sa yo abitye panse. Kòm se kalite vyolans sa moun plis kapab wè, souvan ka gen lòt kalite k ap fèt nan moman an tou ki kache dèyè li (pa egzanp, vyolans seksyèl, emosyonèl oswa ekonomik). Vyolans fizik se yon bagay ki fèt ni anndan kay ni deyò kay. Se anba men moun yo ansanm avè l la fanm yo konn pi souvan sibi vyolans fizik.⁶

- Ann Ayiti, nan tout kalite vyolans sou fanm yo anrejistre, 69 pousan ladan yo se vyolans fizik yo ye.⁷
- Dapre etid Òganizasyon Mondyal Sante (OMS) te fè sou plizyè peyi nan lane 2005, gen 49 pousan fanm nan zòn riral peyi Etyopi, 33 pousan fanm nan zòn lavil peyi Tanzani ak 31 pousan fanm nan zòn lavil peyi Namibi ki di yo déjà sibi vyolans fizik nan lavi yo anba men menaj/mari yo.⁸
- Yon ankèt ki te fèt nan komin Rakay nan peyi Ougannda, sou 5.109 fanm ki gen laj fè pitit montre gen 30 pousan ki di menaj/mari yo genyen nan moman an te fè abi fizik oswa menas fizik sou yo.⁹
- Yon etid ki fèt nan twa pwovens Afrikdisid montre genyen ant 19 a 28 pousan fanm ki di yon menaj/mari yo te fè abi fizik sou yo.¹⁰
- Ankèt ki te fèt nan lane 2003 sou Demografi ak Lasante nan peyi Kenya te montre prèske mwatye fanm yo (49 pousan) di yo te sibi vyolans fizik nan lavi yo.¹¹

Kisa vyolans seksyèl ye?

Vyolans seksyèl se nenpòt zak ki fèt sou yon tifi oswa yon fanm ki limite pouvwa li genyen sou kò li, sou seksyalite li oswa sou kapasite li pou li fè pitit. SASA! konsantre sou kalite vyolans seksyèl ki pi ba yo paske yo genyen rapò sere ak danje VIH/SIDA e yo rive souvan ann Ayiti ak nan plizyè lòt peyi tou:

Fòse Fè Bagay (yo rele li « kadejak » tou)

Se lè yo fòse **fizikman** yon fanm oswa yon tifi pou li fè bagay san li pa vle. Moun ki fè kadejak la kapab moun ki ansanm ak fi a (kadejak mari), se ka yon moun fi a konnen oswa yon enkoni (kadejak enkoni).

Presyon pou Fè Bagay

Se lè yon tifi oswa yon fanm ki jwenn presyon **emosyonèl (sikolojik), sosyal**, oswa **ekonomik** pou li fè bagay. Sa gen ladan l presyon pou fè bagay san kapòt oswa fè bagay pandan li konnen li ka pran VIH/SIDA, oswa li pè sa ka rive. Pi souvan, se mari oswa menaj fi a, oubyen yon moun li konnen, ki sèvi ak menas, presyon, oswa lajan ak avantaj pou mete presyon sou li.

Agresyon Seksyèl

Yon tifi oswa yon fanm ki viv kontak oswa atansyon seksyèl **san li pa vle**.

Fè bagay ann echanj lajan oswa byen materyèl

Yon tifi oswa yon fanm ki jwenn presyon pou li fè bagay, sèlman pou lajan oswa pou li ka jwenn yon èd finans oswa materyèl. Tranzaksyon sa a kapab konsidere tankou vyolans ekonomik ak seksyèl. Pou plis enfòmasyon sou fè bagay ann echanj lajan oswa byen materyèl nan dokiman sa a, ale wè seksyon vyolans ekonomik la.

Toujou sonje, genyen lòt kalite vyolans sou fanm toujou ki grav, tankou tchake pati jenital fanm yo ak trafik fanm pou fè bagay, bagay sa yo pase dwa fanm ak tifi anba pye e sa fè yo plis ka pran enfeksyon VIH/SIDA.¹² Se dezekilib nan pouvwa ant gason ak fanm ki pi gwo kòz tout kalite vyolans sa yo sou fanm.

Èske kadejak ak fòse fanm ak tifi fè bagay anba presyon konn rive souvan?

Kadejak ak bay presyon pou fè bagay se yon fenomèn ki gaye toupatou, e pou anpil fanm, se sa ki premye eksperyans seksyèl yo lè yo te timoun. Gen etid ki fèt nan Karayib la epi ann Afrik ki montre gen anpil tifi kote premye eksperyans seksyèl yo te fè, se fòse yo te fòse yo, oswa yo pa t dakò.^{13,14,15} Yo toujou panse fòse fè bagay se lè yon enkoni fè kadejak vyolan, men se pa vre, pi fò ka fòse fè bagay ki rive yo se moun viktim yo konnen byen ki fè yo, tankou fanmi, mari, menaj oswa moun yo rekonèt. Anpil fwa, granmoun gason ki nan pozisyon pouvwa yo, swa fanmi swa pwofesè, kapab fè presyon ak menas sou tifi ki pa gen eksperyans nan fè bagay yo. Anpil jèn fi pa di moun sa ki rive yo ni mande sekou, poutèt yo pè wont, imilyasyon ak pèdi repitasyon yo.

- Pami fanm ak tifi ki genyen ant 10 ak 24 lane nan tout peyi sou latè, genyen ant 7 ak 48 poustan ladan yo ki di premye fwa yo te fè bagay, se fòse yo te fòse yo.¹⁶
- Ann Ayiti, 43 poustan fanm ak tifi ki sibi vyolans seksyèl yo gen mwens pase 20tan.¹⁷
- Yon etid ki te fèt nan Rakay nan peyi Ougannda sou fanm ki gen ant 15 ak 19 lane yo montre genyen 14 poustan ladan yo se presyon yo te ba yo lè yo te fè bagay premye fwa a.¹⁸
- Dapre etid ki te fèt nan tout peyi Swaziland genyen 10,6 poustan tifi ki genyen 13 a 17tan ki di premye eksperyans seksyèl yo se kadejak yo te fè sou yo.¹⁹
- Yon etid nan peyi Tanzani te montre 40,4 poustan fanm pa t ko gen 15zan lè yo te fè bagay premye fwa e se fòse yo te fòse yo.²⁰
- Dapre etid ki fèt nan peyi Ougannda sou fanm ki gen laj fè pitit yo, sou chak kat fanm genyen youn ki di menaj/mari li genyen nan moman an te fè presyon sou li pou li fè bagay.²¹

Chif

Poukisa souvan yo pa wè kote mari fè kadejak sou madanm?

Kadejak mari se lè yon mari fòse madanm li fè bagay avè l. Souvan, mari a, e menm madanm nan pa wè sa tankou yon kalite vyolans seksyèl poutèt yo konsidere madanm dwe toujou dispoze fè bagay ak mari yo lè yo fin marye. Tribunal pi fò peyi pa fasil konsidere li tankou vyolans seksyèl, men genyen anpil travay pledwaye k ap fèt pou chanje sa. Maryaj pa vle di yon fanm abandone pouvwa li genyen pou li pran desizyon sou kò li oswa seksyalite li. Depi yon gason fòse yon fanm fè bagay san fanm nan pa dakò, kit yo marye kit yo pa marye, se kadejak sa ye.

- Nan tout ka vyolans ki anrejistre ann Ayiti, 38 pousan ladan yo se vyolans konjigal.²²
- Genyen etid ki montre, pi souvan ann Ayiti, moun pa konn denonse oswa fè rapò vyolans seksyèl ki fèt anndan fanmi.²³
- Ann Ayiti, fanm ki di moun y ap viv avè l la fòse yo fè bagay yo 2 fwa plis pase fanm ki di moun nan mande yo fè bagay.²⁴
- Dapre yon etid OMS te fè nan lane 2005 sou sante fanm nan plizyè peyi, kantite fanm menaj/mari aktyèl yo oswa ansyen an te fòse yo fizikman fè bagay avèk yo soti nan 12,9 pousan nan vil Namibi, 27,1 pousan nan yon pwovens peyi Tanzani pou rive nan 46 pousan nan yon pwovens peyi Etyopi. Yon tyè nan fanm peyi Etyopi ki te patisipe nan ankèt la te di yon menaj/mari te fòse yo fè bagay fizikman nan douz mwa ki sot pase yo.²⁵
- Nan peyi Zimbabwe, moun ki te fè rechèch yo te jwenn gen 26 pousan nan fanm ki marye oswa ki te marye yon lè ki di menaj/mari yo te fòse yo fè bagay; 23 pousan nan fanm sa yo di menaj/mari yo a te fè fòs fizik sou yo; 20 pousan di menaj/mari yo a te rele sou yo e 6 pousan te di menaj/mari yo a te menase fè vyolans sou yo oswa kite yo.²⁶
- Yon etid ki te fèt nan peyi Kenya montre gen de tyè fanm ki di yo te sibi abi fizik oswa seksyèl ki di se mari yo oswa fanmi yo ki te fè yo sa.²⁷

Èske se nan sitiyasyon lagè oswa gwo konfli sèlman enkoni konn fè kadejak sou fanm?

Kadejak enkoni fè se yon lòt kalite fòse fè bagay ki ka rive nenpòt ki lè, kit gen sitiyasyon konfli kit pa genyen. Se sèten sitiyasyon konfli yo kreye yon anviwonman kote gen plis vyolans seksyèl ki fèt sou fanm ak tifi. Toupatou nan lemonn, lè gen lagè, yo sèvi ak kadejak tankou yon zam pou detui ak imilye fanm yo, gwoup etnik yo, kominate yo, klan yo, fanmi yo ak moun yo. Men, li enpòtan tou pou ou sonje souvan enkoni yo fè kadejak oswa agresyon seksyèl sou fanm yo chak jou nan tout kalite sitiyasyon, san se pa nan kontèks lagè oswa gwo konfli.

- Ann Ayiti, 90 pousan nan vyolans seksyèl ki anrejistre sou fanm, se kadejak yo ye. 21,4 pousan nan ka sa yo, se plizyè moun ki patisipe nan zak la.²⁸
- Sou chak kat (24 a 25 pousan) fanm nan peyi Namibi ak Tanzani ki gen plis pase 15zan ki manke mouri anba agresyon seksyèl, prèske gen youn kote agresè a se te yon enkoni.²⁹
- Dapre yon rapò Nasyonzini, yo te fè kadejak sou apeprè 250 mil fanm pou piti pandanjenosid nan peyi Rouwanda a. Nan sa ki vivan toujou yo, yo panse genyen 70 pousan ki gen enfeksyon VIH/SIDA la.³⁰
- Yo estime genyen apeprè ant 215 mil a 257 mil fanm ki te sibi agresyon seksyèl pandan gè sivil Syera Lewòn a.³¹

Kisa vyolans emosyonèl ye?

Vyolans emosyonèl (yo konn di vyolans sikolojik tou) se abi vèbal ak sikolojik, tankou rele sou moun, diminye moun, imilyasyon, fè moun pè, epi mete yon moun apa. Rechèch ki fèt déjà montre pi fò vyolans fanm sibi nan men moun y ap viv avè l la genyen vyolans emosyonèl ladann nan kontwole konpòtman yo.³² Souvan, vyolans emosyonèl kapab fè yon fanm pa rive bay tèt li valè, sa fè li pa pran tèt li pou anyen, ba li depresyon e fè li pa anvi oswa pa gen posiblite mande fanmi li ak zanmi li pote l sekou. Li difisil pou mezire enpak vyolans emosyonèl. Men, souvan fanm yo di vyolans emosyonèl la fè pi gwo dega pase zak vyolans fizik yo.³³ Men, nou pa dwe blyie tout kalite vyolans yo genyen yon enpak emosyonèl sou fanm yo.

Chif

- Ann Ayiti, rapò USAID 2008 la te montre, lè fanm anndan yon fwaye kote yo pataje desizyon ak moun yo ansanm avè l la, yo mwens an danje pou yo sibi vyolans.³⁴
- Nan zòn riral peyi Etyopi, 74 pousan fanm di menaj/mari yo te joure yo e 23 pousan di menaj/mari yo fè lontan ap fè presyon sou yo ak fè yo pè.³⁵
- Dapre menm etid la, 38 pousan fanm ki nan zòn riral Tanzani di menaj/mari yo te joure yo e 23 pousan di menaj/mari yo fè lontan ap fè presyon sou yo e yo fè yo pè.³⁶
- Nan zòn riral peyi Namibi, plis pase 33 pousan fanm te di menaj/mari yo gen plizyè fason li kontwole konpòtman yo, tankou ralanti kontak yo ak fanmi yo oswa zanmi yo, kontwole jan y ap jwenn laswenyay ak fè kòlè si fanm nan pale ak lòt moun.³⁷
- Ankèt ki te fèt nan lane 2003 a sou Demografi ak Lasante nan peyi Kenya montre gen 26 pousan fanm ki marye, divòse oswa separe ki te sibi vyolans emosyonèl anba men menaj/mari yo genyen nan moman an oswa dènye sa yo te genyen an.³⁸

Kisa vyolans ekonomik ye?

Lè yon gason refize bay madanm li oswa fanm k ap viv avè l la lajan pou l ka pini li, lè li refize yon fanm dwa pou li travay, pran lajan fanm nan, oswa sèvi ak lajan pou kontwole fanm nan tout jan, sa rele vyolans ekonomik. Sa se yon lòt kalite vyolans tou yo sèvi pou kontwole yon fanm ak desizyon li yo. Anpil fanm depann ekonomikman de mari yo oswa moun yo ansanm avè l la pou lajan kay la ak lòt resous. Nan anpil kote sou latè, pou yon fanm gen byen sa ap depann de relasyon li ak yon gason. Souvan, lalwa oswa koutim yo anpeche fanm ki divòse yo oswa ki pèdi mari yo jwenn byen, bèt ak lòt mèb ki nan eritaj mari a. Fanmi mari a kapab pran tè a ak kay la epi kite madanm nan lari, san byen ni/ oswa mwayen pou li viv.³⁹ Souvan, fanm ki vle kite yon relasyon ki gen vyolans ka tou senpman pa gen okenn mwayen pou yo viv oswa okipe pitit yo pou kont yo e yo oblige kontinye viv nan siti�asyon vyolans lan.

Yo conn fè presyon tou sou fanm ak tifi ki nan sitiyasyon ekonomik difisil e ki bezwen siviv. Lè yon moun dakò fè bagay ak yon gason pou li ka jwenn lajan, manje, lajan lekòl oswa lòt kado se tranzaksyon pou fè bagay sa ye. Tranzaksyon pou fè bagay, sa rive souvan ant granmoun gason ak tifi oswa jèn fanm. Souvan yo rele gason sa yo granmoun kannay, e yo pwofite de mank eksperyans tifi yo ak jèn fanm yo nan zafè fè bagay, yo pwofite tou de sitiyasyon kote yo nan nesesite. Yo sèvi ak pouvwa yo ak pozisyon yo pou fè moun fè yo konfyans apre sa ofri yo lajan yo gen bezwen an. Souvan tifi yo conn gen tan aksepte gason an ede yo san yo pa reyalize l ap atann pou yo fè bagay avè l. Anpil tifi ak fanm ka twouve yo nan sitiyasyon kote yo oblige fè bagay pou yo ka bay fanmi yo manje ak kay pou yo rete. Menm fanm ki chwazi fè tranzaksyon sa yo conn nan sitiyasyon kote yo prèske pa gen lòt chwa pou yo jwenn lavi.⁴⁰

Chif

- Yon Komisyon Sekretè Jeneral Nasyonzini a te mete sou pye pou Fanm, Tifi ak VIH/SIDA nan Afrikdisid te twouve tranzaksyon pou fè bagay se youn nan twa pi gwo kòz ki fè fanm yo plis espoze pou yo pran VIH nan rejyon ki sou zòn sid la. Lòt de kòz yo se vvolans sou fanm nan relasyon yo ak kilti silans ki genyen sou zafè seksyalite a.⁴¹
- Dapre yon etid ki fèt sou fanm ki chache jwenn swen prenatal ak depistaj VIH nan kat klinik sante nan Soweto, genyen 21,1 pouzan fanm ki di yo te fè bagay ak yon moun sou kote pou yo ka jwenn lajan ak lòt byen materyèl. Li plis pwobab pou fanm ki di yo deja sibi vvolans anba men gason ki menaj/mari yo, ki gen pwoblèm dwòg oswa alkòl, k ap viv nan zòn lavil, oswa k ap viv nan vye kay yo di yo te fè tranzaksyon pou fè bagay.⁴²

Poukisa gen vvolans ki fèt sou fanm?

Vvolans fèt sou fanm poutèt genyen dezekilib nan pouvwa ant fanm ak gason. Si ou gade nan listwa e jiska kounye a, pi fò sosyete nan lemonn bay gason plis valè pase fanm, konsa yo ba yo plis pouvwa pase fanm. Pouvwa yo bay gason soti nan kwayans, konpòtman ak atant tout fanm ak gason aprann lè y ap leve nan kominate yo.

Men tou gen anpil gason ki pa vyolan; yo fè chwa ki montre konviksyon yo genyen sou zafè egalite, jistik ak respè. Menm jan an, anpil fanm pa asepte pou vvolans fèt sou fanm. Men, angwo anpil fanm ak gason fè silans sou vvolans sou fanm ak dezekilib pouvwa ki lakòz li a. Lè yon kominate fè silans sou pouvwa gason genyen sou fanm, sa fè sistèm vvolans sou fanm nan kontinye san rete e sa fè koutim ki lakòz vvolans lan pa janm chanje nan kominate a. Se reskonsablite tout moun nan kominate a, ni fanm ni gason, pou yo kòmanse pale de vvolans sou fanm e yo dwe vin tounen aktivis pou chanjman.

Ki rapò ki genyen ant wòl moun, jan sosyete a wè yo, ak vyolans sou fanm?

Lè nou te timoun, yo te aprann nou wòl chak moun nan sosyete a (yo rele sa wòl sosyal tou), yo te aprann nou jan kominote nou an kwè fanm ak tifi dwe konpòte yo an konparezon ak jan gason ak ti gason dwe konpòte yo. Depi ti katkat, tifi ak ti gason aprann konnen kisa ki "zafè fanm" oswa "zafè gason". Se vre, gason ak fanm pa gen menm wòl nan tout kilti e bagay yo konn chanje apre yon tan. Men, an jeneral, yo aprann gason se yon bagay nòmal ki akseptab pou yo djanm oswa matcho. Pandan y ap grandi, yo aprann yo gason vle di moun k ap bay lajan an, k ap okipe kay la, ki konpòte li tankou chasè ki gen eksperyans nan zafè fi e ki pa montre emosyon yo. Tifi yo, yo menm, yo aprann yo pou yo janti, poze, e yo la pou okipe lòt moun. Pandan y ap grandi, yo aprann yo fanm vle di okipe pitit ak kay la, asepte tout bagay, pa cho epi kontinye okipe lòt moun. Pwosesis sa a rele "sosyalizasyon." Prèske tout aspè nan sosyete nou an, fanmi, lekòl, medya ak gouvènman, ranfòse konsepsyon wòl fanm ak wòl gason sa yo. An verite, chak grenn moun gen kapasite ak dwa pou li djanm, okipe lòt moun, poze oswa brav, men sosyalizasyon an fè gason ak fanm devlope kèk pati nan pèsonalite yo epi efase lòt yo jan koutim kominote a mande l.

Wòl sosyete a bay gason fè moun panse yo gen plis valè pase fanm, e sa fè yo gen plis pouvwa tou. Sa se yon pwoblèm grav. Yo leve gason nan lide yo gen dwa pou yo jwenn yon seri kalite privalèj ki pa menm ak fanm yo, tankou obeyisans bò kote fanm yo, fasilitè fè bagay ak kontwòl sou tout sa ki konsène fanmi an. Akòz sosyalizasyon ki considere gason yo gen plis pouvwa pase fanm senpman paske se gason yo ye, anpil gason vin kwè li nòmal pou yo sèvi ak vyolans pou kenbe pouvwa yo sou fanm yo. Men, dapre rechèch yo, anpil gason fè vyolans sou fanm pou yo ka montre tèt yo oswa lòt gason parèy yo se gason yo ye, e yo fè sa pou yo pa pran yo pou fanm; sa vle di, pou yo pa pèdi pouvwa yo ak pozisyon yo nan fanmi an ak kominote a.⁴³

Vyolans sou fanm si tèlman vin tounen yon bagay ki nòmal, gen fanm ki asepte li e ki menm patisipe nan pratik sa a. Li enpòtan pou ou pa meprize fanm sa yo, men pito pou ou travay ansanm ak yo; fòk ou konprann petèt se pou pwoteje tèt yo ki fè yo adopte konsepsyon kominote a sou wòl sosyal fanm.

Chif

- Ann Ayiti, akòz lawont, laperèz, danje vanjans, ak sitèm jistis ki neglige vyolans seksyèl, pi fò ka yo rete san yo pa janm rapòte yo.⁴⁴
- Nan yon etid pwojè pou politik publik ann Ayiti ki te fèt an 2004, yo te jwenn 80 poustan gason Ayisyen panse vyolans sou fanm nòmal lè fanm nan derespekte gason an, li dezonore li, li manke li dega, li dezobeyi li, oswa li depanse twòp lajan.⁴⁵
- Yon fokis gwoup ki te fèt nan Lesoto montre ni fanm ni gason asepte vyolans konjigal tankou konsekans move konpòtman fanm nan. Yon fanm te di konsa, "kèkfwa fanm nan fè sa ki pa sa e mari a oblige bat li."⁴⁶
- Dapre yon etid ki te fèt an 2004 nan peyi Zanmbi, 50 poustan fanm ki te sibi vyolans dakò yon mari gen rezon bat madanm li si li fè yon seri bagay tankou neglige timoun yo, refize fè bagay, replike oswa pa kuit manje.⁴⁷

Kisa VIH/SIDA ye?

VIH/SIDA (an Franse "Virus d'Immuno-déficience Humaine, ki vle di virus ki fè sistèm pwoteksyon sante moun febli) se yon virus ki lakòz yon maladi ki rele SIDA (Syndrome d'Immuno-Déficience Acquise, ki vle di maladi moun trape e ki fè sistèm pwoteksyon sante yo febli). Ofiramezi VIH/SIDA la ap devlope pou li vin tounen SIDA, li fè sistèm ki pwoteje kò moun nan febli e sa pemèt moun nan trape yon seri maladi ak enfeksyon ki pa t ap ka antre nòmalman nan kò a si li te gen yon bon sistèm pwoteksyon, konsa konsa jiskaske moun nan mouri.⁴⁸ VIH/SIDA se yon pwoblèm ki egziste toupatou sou latè e li afekte anpil fanm. Nan fen lane 2007, prèske 50 pousan nan 33,2 milyon granmoun k ap viv ak VIH/SIDA oswa ki gen SIDA sou latè se fanm yo ye.⁴⁹

Lafrik se rejjyon jewografik ki plis frape pa enfeksyon VIH/SIDA. Yo estime gen apreprè plis pase 60 pousan nan tout moun sou latè ki gen enfeksyon VIH/SIDA k ap viv ann Afrik. Aktyèlman se zòn sid dezè Saara ann Afrik ki plis afekte nan lemond epi gwo chay la se sou zèpòl fanm yo li ye. Nan 22,5 millyon moun ann Afrik ki enfekte yo, 61 pousan ladan yo se fanm.⁵⁰ Li 3 fwa plis pwobab pou fanm ki gen ant 15 a 24tran pran enfeksyon an pase jèn gason ki nan menm kategori laj la.⁵¹

Apre rejjyon ki nan sid dezè Saara ann Afrik, se Karayib la ki pi afekte pa VIH/SIDA. Li vini an 2zyèm pozisyon pou to granmoun ki genyen VIH/SIDA.⁵²

Ak anviwon 120 mil moun enfekte, Ayiti se peyi nan Karayib la kote epidemi a pi fò. Apeprè 75 pousan moun ki enfekte nan Karayib la, se ann Ayiti ak Dominikani y ap viv.⁵³

- Toupatou nan lemonn, genyen 15,4 milion fanm ki gen plis pase 15zan k ap viv ak VIH/SIDA.⁵⁴
- Fason ki pi fasil pou fanm pran VIH/SIDA kounye a se fè bagay ak gason san kapòt.⁵⁵
- Dapre yon etid ki fèk fèt, mwatye nan tout novo moun ki pran enfeksyon VIH/SIDA la nan peyi Kenya se jèn moun ki gen ant 15 a 24tran.⁵⁶
- 68 pousan nan tout novo moun ki pran enfeksyon VIH/SIDA la an 2007 se nan zòn sid dezè Saara ann Afrik la yo ye.⁵⁷
- Prèske 90 pousan tout timoun ki gen VIH/SIDA ap viv nan zòn sid dezè Saara ann Afrik.⁵⁸
- Menm jan ak rès zòn sid dezè Saara a ann Afrik, epidemi a frape plis fanm lontan pase gasyon yo nan peyi Afrikdisid. Li kat fwa plis pwobab pou jèn fanm yo (15 a 24tran) pran enfeksyon VIH/SIDA la pase jèn gason yo.⁵⁹

Kijan yon moun ka bay yon lòt moun VIH/SIDA?

Yon moun ka pran VIH/SIDA nan kontak ak likid ki soti nan kò yon lòt moun ki gen VIH/SIDA. Likid sa yo se: san, dechay, likid bouboun fanm ak lèt nan tete. Pou yon moun pran VIH/SIDA, fòk likid ki soti nan kò moun ki enfekte a antre an kontak ak likid ki nan kò li. Li kapab swa pase pa ti blesi ki pa pwoteje, oswa ak ti po fen ki gen sekresyon yo, tankou patijenital oswa twou dèyè pou li rive nan san moun sa a. Mwayen ki pi fasil pou fanm yo pran li se nan dechay ki antre nan vajen an e ki pase nan san an. Fanm ki enfekte yo kapab bay pitit yo virus la lè y ap akouche, pa kontak ak san, ak lè y ap bay tete.⁶⁰

Si virus la fò nan san moun ki enfekte a nan moman kontak la, si youn nan 2 moun yo genyen yon enfeksyon moun trape nan fè bagay, oswa si sistèm repwodiksyon fanm nan poko fin devlope nèt, fi a pi an danje pou li pran VIH/SIDA.⁶¹ Ti blese oswa ti kòche ki fèt nan vajen an lè fi a fè bagay san li pa dakò, tankou nan ka kadejak mari oswa enkonni, sa tou kreye plis danje pou fi a pran enfeksyon an tou.

REYALITE SOU VIH/SIDA

- Lè yon moun enfekte ak VIH/SIDA, yon lòt moun pa ka pran viris la nan gade li nan je, oswa nan manyen po li, depi moun ki enfekte a pa gen blese k ap senyen. Rezon an, se paske viris la pa ka travèse po yon moun ki an sante pou li pase nan san an.
- Viris VIH/SIDA a pa viv lontan lè li pa nan kò moun e moun pa ka pran li nan lè a.
- Moun PA ka pran VIH/SIDA nan kontak ak krache, dlo je, swe, matyè fekal oswa pipi. Likid sa yo ki soti nan kò moun pa gen viris la ladan yo, oswa kantite a twò piti pou bay yon moun VIH/SIDA.
- Ti bèt ki pike moun pa ka bay VIH/SIDA. Marengwen pa ka bay VIH/SIDA menm si yo rale san e yo transmèt krache. San marengwen an rale nan kò yon moun pa pase nan kò yon lòt moun lè marengwen an pike li. Viris Malarya miltipliye anndan kò marengwen, men viris VIH/SIDA pa miltipliye anndan kò marengwen.
- Moun PA ka pran VIH/SIDA senpman nan frekante yon moun ki enfekte. Kòm viris la pa ka pase anba po ki an sante, moun pa ka pran li nan rad, nan manje e menm nan manyen yon moun ki enfekte.⁶²
- Pa gen okenn mwayen pou di si yon moun teste pozitif pou VIH/SIDA sou aparans li.
- Lè yon moun trape viris VIH/SIDA a (yo di li gen VIH/SIDA), li ka pase anpil lane anvan siy viris la parèt sou li; lè sistèm defans sante moun nan vin twò fèb pou pwoteje li, se lè sa a yo di li genyen SIDA.
- Fè bagay ak yon moun ki vyèj pa geri VIH/SIDA.
- Pou kounye a, pa gen remèd ki ka geri VIH/SIDA, men yo ka jere li ak tretman antiretwoviral yo.

Poukisa fanm pi an danje pou yo pran enfeksyon VIH/SIDA pase gason poutèt jan kò yo fèt?



Li pi fasil pou fanm pran VIH/SIDA pase gason poutèt rezon ki pi ba yo ki gen rapò ak jan kò fanm fèt:

Jan deyò vajen an fèt

Gen prèv ki montre li pi fasil pou yon fanm pran VIH/SIDA nan kontak seksyèl ak yon gason pase pou yon gason pran li nan men yon fanm; rezon an se poutèt genyen anpil espas sou deyò vajen an ki an kontak ak espèm nan pandan rapò seksyèl la.⁶³

Ti kòche oswa ti blese ki genyen lè gen vyolans seksyèl

Lè yon fanm fè bagay san li pa dakò, gen plis danje pou vajen an chire; rezon an se poutèt kò a pa pwodui grès natirèl ki konn genyen lè tou 2 moun yo dakò pou fè bagay. Tou depann konbyen fwa gason an (enkoni, zanmi, fanmi oswa menm menaj oubyen mari a) fòse oswa fè presyon sou fi a pou li fè bagay. Plis fi a fè bagay san li pa dakò, plis li an danje pou li pran enfeksyon VIH/SIDA.⁶⁴

Sansiblite patijenital jèn fi yo

Jèn fi ki gen kò yo ki pokò fin devlope nèt pi an danje pou yo pran enfeksyon an paske kò yo ka sibi plis domaj lè y ap fè bagay.⁶⁵

Enfeksyon fanm nan fè bagay san yo pa gen siy ki parèt

Yon moun ki gen yon enfeksyon moun pran nan fè bagay ki pa trete kapab jiska 10 fwa pi an danje pou li pran viris la e pou li bay li. Kòm pi fò enfeksyon moun pran nan fè bagay pa bay siy ki parèt sou kò fanm (sa pa menm jan pou gason), li pi fasil pou yo pa konnen lè yo gen yon enfeksyon e pou yo pa trete li non plis tou.⁶⁶

Tout bagay sa yo, lè yo mete ansanm, yo mete fanm pi an danje lontan pou yo pran VIH/SIDA akòz jan kò yo fèt.

Chif


- Dapre etid ki fèt, fanm gen 2 fwa plis chans pou pran VIH/SIDA nan men gason yo lè y ap fè bagay pase pou gason yo ta pran li nan men fi yo.⁶⁷
- Ann Ayiti, rapò Emmus IV ak V te montre pou chak 100 gason, te genyen 115 fanm ki te enfekte ak VIH/SIDA an 2005 e 140 fanm an 2008.⁶⁸
- Yon etid ki te fèt nan peyi Kenya montre gen 23 pousan jèn fanm ki gen enfeksyon VIH/SIDA alòs gen 3,5 pousan gason ki gen menm laj la ki genyen li.⁶⁹

Poukisa fanm yo pi ekspoze nan sosyete a pou yo pran enfeksyon VIH/SIDA pase gason?

Dezekilib pouvwa ant fanm ak gason soti nan koutim sosyete nou a e sa fè fanm yo gen plis chans pou yo pran enfeksyon VIH/SIDA. Koutim kominate yo mennen zak vyolans sou fanm e souvan sa vle di fanm oblige fè bagay san pwoteksyon e yo gen plis chans pou yo pran VIH/SIDA. Vyolans fizik, vyolans seksyèl, vyolans emosyonèl ak vyolans ekonomik, kit se yo chak pou kont yo, kit se plizyè ansanm, yo tout mete fanm an danje pou yo pran VIH/SIDA. Men kèk egzanp:

Manke enfòmasyon ak pè mande èd

Lè gason gen pouvwa sou fanm nan relasyon yo, fanm yo ka pa konnen oswa yo ka pa gen posiblite jwenn enfòmasyon sou fè bagay ak pwoteksyon, sou sante seksyèl ak sante repwodiksyon. Piplis toujou, lapèrèz yo genyen devan gason vyolan yo oswa pou moun y ap viv avè l la konn anpeche fanm yo chèche jwenn enfòmasyon sou VIH/SIDA, tès depistaj ak tretman. Lè fanm yo prèske pa gen enfòmasyon oswa konsesans sou kijan moun ka pran VIH/SIDA nan fè bagay, lè tou fanm yo prèske pa gen mwayen pou yo jwenn pwoteksyon lè y ap fè bagay, sa ap mete fanm yo pi an danje pou yo pran VIH/SIDA e sa mete plis dezekilib nan pouvwa ant fanm ak gason. Tifi ak jèn fanm ki gen relasyon ak gramoun gason gen plis chans toujou pou yo pran VIH/SIDA poutèt yo plis pa konnen toujou kijan moun trape viris la.



Manke kontwòl nan relasyon koup yo

Koutim kominote yo ki mennen dezekilib pouvwa ant fanm ak gason souvan fè moun kwè fanm oblige fè bagay ak gason; konsa yo retire pouvwa fanm yo pou yo pran desizyon sou sa ki gen rapò ak fè bagay. Souvan fanm yo pè mande gason an pou li rete fidèl, yo pè refize fè bagay e yo pè negosye koze kapòt la ak gason an, menm lè se tou 2 ki dakò pou yo fè bagay. Lè yo sibi vyolans anba men gason an atò, yo vin pi pè toujou, e yo pa fè anyen pi rèd. Konsa tou, yo vin pi an danje toujou pou yo pran VIH/SIDA.

- Yon dokiman gouvenman Ayisyen te pibliye an 2008 endike kantite fanm ki genyen VIH/SIDA pa rapò ak kantite gason ki genyen li ogmante, soti nan 5,6 gason pou yon fanm (ki vle di yon gason pou 0,18 fanm) 20tan anvan, rive nan yon gason pou 1,15 fanm an 2008, ki montre aklè, jan se plizanplis fanm k ap sibi epidemi sa a.⁷⁰
- Ann Ayiti, apeprè 59 pousan moun k ap viv ak VIH/SIDA, se fanm yo ye.⁷¹
- Jèn fi ki ant 15 a 24tran daj ann Ayiti gen plis pase 2 fwa plis risk pou yo enfekte ak VIH/SIDA pase jèn gason nan menm laj yo.⁷²
- Depi kèk lane, plizyè ekspè, Zanmi Lasante se youn ladan yo, ap di se mank pouvwa fanm nan relasyon yo ak gason ki lakòz epidemi VIH/SIDA ap mache pran fanm plizanplis.^{73,74,75}
- Dapre yon etid ki te fèt ann Afrikdisid, li si fwa plis pwobab pou fanm ki te sibi vyolans yo pa sèvi regilyèman ak kapòt pase sa ki pa t sibi vyolans yo.⁷⁶
- Yon etid ki te fè nan peyi Ougannda montre gen 3 sou 4 moun (fanm ak gason) ki twouve li pa admisib pou yon fanm marye mande menaj/mari li mete kapòt lè y ap fè bagay. Si yon fanm ta mande mete kapòt sa ta vle di li pa fè menaj/mari li konfyans oswa sa montre fanm nan li menm gen pye lejè e poutèt sa a fanm nan gen plis chans pou li sibi vyolans.⁷⁷
- Dapre yon etid ki te fèt nan Tanzani, genyen sèlman 13,8 pousan fanm ki te janm sèvi ak kapòt ak menaj/mari yo ki vyolan e se sèlman 17,7 pousan ki te janm mande menaj/mari yo mete kapòt.⁷⁸
- Dapre etid ki te fèt nan Tanzani, Rouwanda ak Afrikdisid, fanm ki te sibi vyolans yo gen jiska 3 fwa plis chans pou yo pran VIH/SIDA pase sa ki pa t sibi vyolans yo.^{79,80,81}

Asepte gason an pa fidèl

Koutim kominote a ki asepte pou gason an pa fidèl vle di fanm ki marye oswa fanm ki gen menaj yo souvan an danje pou yo pran VIH/SIDA malgre yo menm yo fidèl ak yon sèl moun.

- Dapre dènye ankèt ki te fèt sou Demografi ak Lasante nan peyi Ougannda, sou chak twa fanm marye, mari youn ladan yo gen menaj sou kote.⁸²

Fòse fè bagay

Lè yon enkoni, yon fanmi, yon menaj, oswa yon mari fòse yon fanm fè bagay, fanm nan pi an danje pou li pran VIH/SIDA.⁸³ Depi gen fòse fè bagay, fi a pa gen pouvwa pou li sèvi ak pwoteksyon, e sa kreye plis danje pou li pran viris la, pa egzanp nan ti blese nan vajen li.


Tifi ak fanm ki nan nesesite

Rechèch ki fèt yo montre lè fanm oswa tifi nan nesesite, li pi pwobab y ap santi yo oblige fè bagay pou yo ka jwenn lajan oswa favè, ki vle di li mwens pwobab y ap resi negosye pou yo fè bagay ak pwoteksyon, e li mwens pwobab pou yo kite yon relasyon yo wè ki gen danje maladi ladan li.⁸⁴ Konsa fanm sa yo an danje pou yo pran VIH/SIDA.

Piplis toujou, lè gason vyolan an refize bay fi a lajan pou manje oswa ba li lòt sipò, souvan fi a oblige fè bagay ann echanj lajan oswa favè pou li ka siviv oubyen pou li ka okipe pitit li yo. Pou fanm ki pa marye oswa plase, oubyen ki marye oswa plase ak yon gason ki pa jwenn (ase) travay, anpil nan fanm sa yo prèske pa gen sous lajan e li pi pwobab pou yo fè bagay ann echanj lajan oswa favè.

Chif

- Dapre yon etid ki te fèt ann Afrikdisid, fanm ki sibi vyolans anba men menaj oubyen mari yo gen de a twa fwa plis chans pou yo fè bagay ann echanj lajan oswa favè.⁸⁵




Silans sou sitiyasyon tifi yo bay presyon pou yo fè bagay

Silans kominate a sou sitiyasyon gason ki fè presyon sou jèn fi pou yo ka fè bagay ak yo, kit se grammoun kannay, fanmi fi a oswa pwofesè, se youn nan pi gwo danje poutèt jèn fi sa yo déjà an danje pou yo pran VIH/SIDA, ni pou rezon byolojik, ni pou rezon sosyal.

Tifi ki marye oswa ki fè bagay

Marye, oswa fè bagay bonè, se yon danje li ye pou tifi ak jèn fanm. Souvan, se ak gason ki pi grammoun lontan pase yo y ap fè bagay, kidonk gason an ka gen tan nan fè bagay depi lontan, ki fè gen posibilité li gen tan enfekte ak VIH/SIDA.

Chif



- Dapre rechèch ki te fèt nan 16 peyi ki nan zòn sid dezè Saara a ann Afrik, fi ki genyen ant 15 a 19 lane marye ak nèg ki genyen dizan anplis yo an mwayèn.⁸⁶
- Yon etid ki te fèt nan Kenya montre gen 33 poustan tifi ki gen VIH/SIDA pa rapò ak 22 poustan tifi ki gen menm laj la ki pa marye e ki ap fè bagay. Menm etid la montre tou li plis pwobab pou jèn fi ki marye ak gason ki pi gran lontan pase yo pran VIH/SIDA pase sila ki marye ak gason ki gen mwens pase 3 zan anplis yo.⁸⁷
- Yon etid ki te fèt nan lane 2004 montre vyolans se youn nan aspè ki genyen nan relasyon ak gason ki pi gran yo epitou gwo diferans laj ki genyen ant menaj/mari yo fè fanm yo gen plis risk pou yo pran VIH/SIDA.⁸⁸

Pratik "fè bagay san mouye"

Kèk kote ann Afrik e ann Ayiti tou, genyen yon abitid ki rele fè bagay san mouye oswa fè bagay san likid natirèl ki pwodui nan vajen fi a. Yo konn sèvi ak fèy pou seche vajen an, sa ki lakoz plis fwotman lè y ap fè bagay ak gason. Fè bagay san mouye a ka blese oswa chire vajen an pi fasil, konsa fanm yo ka pi fasil pran VIH/SIDA.

Dòt

